


Èske ou vle viv nan pwòp kay  
oswa apatman ou, oswa avèk  
yon lòt moun, oswa avèk yon  
ti gwoup moun? Se ou ki pou  
chwazi, epi si ou vle ale viv  
lakay ou, ak resevwa sèvis nan  
kominote a, kontakte nou; n ap  
kapab pale sou chwa ou ka fè yo.

Pwogram *Open Doors* program  
(*Louvri Pòt*) la ede moun ki soti  
nan enstitisyon tankou fwaye pou  
swen sante (nursing homes) ak  
sant pou swen entèmedyè, ale  
rete nan yon kay nan kominote a.  
Pwogram sa a ede leta transfere  
sèvis ak sipò k ap fèt pandan  
lontan pou moun ki viv nan  
kominote a.

Avèk Sant Tranzisyon, ak  
Pwogram Jwenn Patnè ak  
Rekòmandasyon nou yo, nou  
pral travay avèk ou pou ede  
w nan tranzisyon sa a.



ÈSKE OU VLE  
ALE RETE NAN  
KOMINOTE A?  
*Nou ka ede w*



[www.ilny.org](http://www.ilny.org) | 518.465.4650



Dokiman sa a ekri dapre sibvansyon CFDA 93.791 ki soti nan Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid, ki konnekte avèk Depatman Sante ak Sèvis Imen nan Etazini (U.S. Department of Health and Human Services, Centers for Medicare and Medicaid Services). Men sèlman, dokiman sa yo pa oblije reprezante sa ki nan règleman ajans sa a (U.S. Department of Health and Human Services), kidonk ou pa dwe gade yo tankou garanti gouvènman federal la.





Sant Tranzisyon an ede moun k ap viv nan fwaye pou swen sante ak nan sant pou swen entèmedyè resevwa sèvis lakay yo ak nan kominotè yo. Sa vle di li ka ba ou enfòmasyon sou sèvis ak kalite sipò ou ka jwenn nan kote w ap viv la. Genyen espesyalis nan tranzisyon nan Sant pou Ede Viv avèk Endepandans (Independent Living Centers) ki nan minisipalite toupatou nan Eta Nouyòk la.

Espesyalis nan tranzisyon yo pral chita pale avèk ou ak/oswa moun nan fanmi w, pou gade ki sèvis ou ka bezwen, ak pou ede w jwenn sèvis sa yo. Nan pami sèvis sa yo, kapab genyen:

- Edikasyon sou Preparasyon pou Kominote, kote ou pral resevwa enfòmasyon ak fòmasyon ou pral bezwen tousuit, lè ou retounen nan kominote a.
- Identifikasyon dirèk pou sèvis pou bezwen espesyal ou.
- Jwen kote pou w rete ki koresponn avèk mwayen ou ak bezwen w.

Espesyalis nan tranzisyon an la pou ekri yon plan ki pral koresponn avèk bezwen w, ak pou ede w fè tranzisyon an byen pou viv nan kominote a.

*Pou plis enfòmasyon sou pwogram lan, oubyen pou mande asistans pou transfere nan kominote a, kontakte pwogram Louvri Pòt la nan nimewo 1.844.545.7108, oubyen nan adrès [www.ilny.org](http://www.ilny.org).*



Pwogram Patnè Louvri Pòt la (Open Doors Peer Program) se yon gwoup moun ki te konn viv nan enstitisyon, epi ki ale rete nan kay oswa nan kote kominote a bay sèvis; yo resevwa sèvis ak sipò nan kote yo rete a. Patnè yo ale wè moun nan fwaye pou swen sante ak nan sant pou swen entèmedyè, pou fè rezidan sa yo konnen eksperyans yo fè, ak pou ede moun ki vle ale viv nan kominote a.

Patnè yo pral ede w pran kontwòl desizyon k ap konte anpil nan lavi w, tankou:

- Si ou dwe deside ale viv nan lòt kote.
- Ki kote pou w viv.
- Founisè sèvis, tankou travayè nan sèvis dirèk.
- Kisa ak kilè ou dwe manje.
- Ki kalite rad ou dwe mete sou ou.
- Rele oubyen ale wè moun nan fanmi ak zanmi w.
- Kote pou w ale nan sèvis pou relijyon w.
- Kontwòl tanperati.
- Rekreyasyon.
- Entimite ak sekirite byen ou genyen yo.
- Kilè pou w pran yon douch ak/oswa pou w benyen.
- Dòmi lè ou vle san pèsonn pa deranje w.
- Ki moun ou chwazi pou rete menm kote avèk ou, oubyen chwazi pou w rete poukont ou.

Tout patnè yo se moun ki resevwa yon fòmasyon kòrèk, epi yo se anplwaye Sant pou Ede Viv avèk Endepandans. Gen ase patnè pou ede moun ki bezwen nan tout minisipalite ki nan Eta a. Genyen patnè pou fanmi tou, ki la pou ede moun nan fanmi an si yo gen pwoblèm ki anrapò avèk tranzisyon an.

*Pou plis enfòmasyon sou pwogram lan, oubyen pou mande sèvis patnè, kontakte pwogram Louvri Pòt la nan nimewo 1.844.545.7108, oswa nan adrès [www.ilny.org](http://www.ilny.org).*